CIVIC ACTION TEAMS

# Nepal Coronavirus CivActs Campaign

अंक #६१

२९।५।२०७७

**Coronavirus CivActs Campaign (CCC)** सँ सरकार, सञ्चार माध्यम, संघसंस्था आ आम नागरिक बिचक सूचनाके दुरी कम कएक देशभैरसं संकलन कएलगेल हल्ला, नागरिकक जिज्ञासा आ प्रश्नसभ संकलन कए तथ्य पत्ता लगाएक आम नागरिकके सूचित करैत अछि । एहिसं आम नागरिकक आवश्यकताके पहिचान करबाक साथे हल्लासभहक कोनो नकारात्मक असर पहुचावस पहिलेहि सान्दर्भिक तथ्य आम नागरिक सभमे प्रवाह कए जोखिम न्युनिकरण करैत अछि ।

## कोरोना संक्रमण रोकथाम तथा उपचार कोषसँ बहुतोरास अस्पतालके रकम निकासा

जाजरकोटके चौरजहारी अस्पताल आ दैलेख अस्पतालके स्वास्थ्य उपकरण किन तथा ल्याव व्यवस्थापन कर प्रति अस्पताल रु. ५० लाख: **रु १ करोड**



शहीद गंगालाल राष्ट्रिय हृदय केन्द्र बाँसबारीके कोभिड - १९ सँ सम्बन्धित उपकरण किन : **रु १ करोड**

नेपाल अनुसन्धान परिषद काठमाण्डौके कोभिड - १९ सम्बन्धी अनुसन्धान कर : **रु २ करोड**



त्रि.वि.वि. शिक्षण अस्पतालके १० टा भेन्टिलेटर सहित १४ टा ICU Bed व्यवस्थापन कर : **रु. ५ करोड ७५ लाख**

धुलिखेल अस्पतालके ५ टा भेन्टिलेटर सहित १४ टा ICU Bed व्यवस्थापन कर : **रु. २ करोड ८५ लाख**

नेपाल प्रहरी अस्पतालके भेन्टिलेटर सहितके २० टा क्ष्ऋ घभम स्थापना तथा कोभिड - १९ सम्बन्धी उपकरण किन तथा व्यवस्थापन कर : **रु. ८ करोड ४० लाख**

स्रोत: https://www.mofaga.gov.np/news-notice/2087

## नेपाल अपडेट



बुटवल उप-महानगरपालिका सडकपर राईत बिताव विवश बेसहारासभके उद्धार कलक नि:शुल्क परिक्षण कर लागल छै ।

तस्बिर: भवानी प्रसाद पाण्डे


### परिक्षण

पिसिआर परिक्षण: ८,५१,४०५

पोजेटिभ: ५५,३२९

उपचाररत: १५,३९३

मृत्यु : ३६०



# हल्ला र तथ्य



आब विद्यालयसभ अनलाईनसँ पढाबके शुल्क लेब पाओत । कि पहिले ललरहल नियमित शुल्क जतबे लेब पेतै ?

कोभिड - १९ संक्रामक रोगके कारण अवरुद्ध रहल विद्यालयके नियमित पठनपाठन सुचारु कर दुर तथा खुला शिक्षा लगाएतके प्रणालीके तत्कालके लेल सिखाई सहजीकरणके रुपमे उपयोग कर नेपाल सरकार, शिक्षा, विज्ञान तथा प्रविधि मन्त्रालयँ विद्यार्थी सिखाई सहजीकरण निर्देशिका, २०७७" जारी केने छै । जै अनुसार विद्यालयके लेबपाबवला शुल्क प्रचलित कानूनके अधिनमे रहिक स्थानीय तहद्वारा स्वीकृत केने अनुसारके हैतै ।

स्रोत: https://cutt.ly/pfIYfqj



जरुरी कामके लेल काठमाण्डौ बाहरके जिला जायके सिफारिस लेबके लेल फेर नयाँ नियम बनेलकै कहादन ।

हँ । आब काठमाण्डौसँ जरुरी कामके लेल बाहर जाय देबवला सवारी साधनके सिफरिसमे फेरबदल भेल छै । अईके लेल तोकलगेल निवेदन, अत्यावश्यक कामके प्रयोजन स्पष्ट खुलवला कागजात साथे जायवला जिलाके प्रशासन कार्यालयके अनुमती पत्र तथा सम्बन्धित गन्तव्य स्थानके स्थानीय तहके सिफारिस अनिवार्य रुपमे पेश कलक सम्बन्धित व्यक्ति स्वयम् उपस्थित होब पड़त ।

स्रोत: https://cutt.ly/EfICf6q



कक्षा १२ के परीक्षा देबवला सब विद्यार्थीके विद्यालयके सम्पर्कमे आब कहलगेल छै ?

अखन कोरोना महामारीके कारण विद्यार्थीसभ अपने अध्ययन करहल सँ आरो जिलामे रहिरहल/रोकाएल अछि । अईसँ परीक्षा सञ्चालनमे कठिनाई भेल छै । अईके सहज बनाव राष्ट्रिय परीक्षा बोर्ड सम्पूर्णके अपन-अपन विद्यालयसँ कक्षा १२ के परीक्षा आवेदन फारम भरने आ वर्तमानमे विद्यालयके पायक परवला जगहसँ दूरके जगहपर रहल विद्यार्थीसभके मात्रे अखन बसोबास कलरहल जगह आ ओतसँ नजिकके कक्षा १२ सञ्चालन भलरहल विद्यालयके नाम, ठेगाना आ कोड (विद्यालयके नाम, ठेगाना आ कोड बोर्डके धभदकष्तभ मे राखलगेल छै ।) सहितके विवरण यथाशीघ्र बोर्डके सम्बन्धित कार्यालयसभमे ७ दिन भितर उपलब्ध कराब सूचना निकालने छै ।

स्रोत: http://www.neb.gov.np/uploads/photos/Cx7KtymVFq200911104344.pdf



प्रधानमन्त्री रोजगार कार्यक्रम जेहने कर्णाली प्रदेश सरकार मुख्यमन्त्री रोजगार कार्यक्रम अनलक कहादन । अईके लेल प्रदेश सरकार कि तैयारी केने छै ?

कर्णाली प्रदेश सरकार चालु आर्थिक वर्षके बजेटमे रोजगारीके गतिविधीके उच्च प्राथमिकतामे रखने छै । कूल बजेटके करिब २० प्रतिशत बजेट रोजगारी निर्माण करके लेल छुट्याओलगेल छै । अईके लेल एहिबीचमे बैसल कर्णाली प्रदेश सरकारके मन्त्रीपरिषद्का बैठकसँ मुख्यमन्त्री रोजगार कार्यक्रम सञ्चालन कार्यविधी, २०७७ सेहो स्वीकृत कलचूकल अछि ।

स्रोत: https://www.facebook.com/cm.karnali/photos/

WhatsApp मार्फत हमरासभके विषयमे नियमित ताजा जानकारी पाब

१. आहाके कन्ट्याक्ट लिस्टमे +2760806146 एड करु
२. उपरका कन्ट्याक्ट नम्बरमे Nepal लिख्क म्यासेज पठाउ




COVID-19
को बारेमा बुझ्न नि:शुल्क हटलाईन
viamo द्वारा प्रस्तुत


कोभिड - १९ सम्बन्धि मंगानियेमे जानकारी लेबके लेल आहाके NTC सिमकार्ड सँ
३२१०० मे डायल करु

accountabilitylab NEPAL

# Open Migration

## मुख्य गन्तव्य राष्ट्रमा रहेका नेपाली कामदार

| देश | नेपाली | संक्रमित | नेपाली संक्रमित | मृत्यु भएका नेपाली |
|---|---|---|---|---|
| साउदी अरब | ३,३४,४५१ नेपाली | ३,२५,६५१ संक्रमित | १८७५ नेपाली संक्रमित | ११ मृत्यु भएका नेपाली |
| कुवेत | ७१,१९३ नेपाली | ९४,७६४ संक्रमित | १६५० नेपाली संक्रमित | ७ मृत्यु भएक नेपाली |
| बहराईन | २६,००० नेपाली | ६०,३०७ संक्रमित | ४५१ नेपाली संक्रमित | ३ मृत्यु भएका नेपाली |
| कतार | ४,०६,९१७ नेपाली | १,२१,७४० संक्रमित | २२,५०० नेपाली संक्रमित | १६ मृत्यु भएका नेपाली |
| युएई | २,२४,९०५ नेपाली | ७९,४८९ संक्रमित | २४०० नेपाली संक्रमित | ३० मृत्यु भएका नेपाली |
| ओमान | १७,०५७ नेपाली | ९०,२२२ संक्रमित | ४५ नेपाली संक्रमित | १ मृत्यु भएका नेपाली |
| मलेसिया | ५००,००० नेपाली | ९,९४६ संक्रमित | ८१ नेपाली संक्रमित | |
| दक्षिण कोरिया | ३८,८६२ नेपाली | २२,२८५ संक्रमित | २ नेपाली संक्रमित | |



गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित नेपाली

गन्तव्य राष्ट्रमा नेपाली जनसंख्या

गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित जनसंख्या

गन्तव्य राष्ट्रमा मृत्यु भएका नेपाली

स्रोत: https://coronavirus.jhu.edu/map.html
https://www.covid19.nrna.org.np/
https://publications.iom.int/system/files/pdf/mp_nepal_2019.pdf

**ShramikSanjal**

## मध्यपूर्वके जानकारी

दुबईमे PCR परीक्षणके दाम घटाक २५० दिरहाम बनाएल गेलछै । पहिले परीक्षण कराबमे ३७० दिरहाम तिर परैत छलै । आबुधाबी सेहो किछ दिन पहिलेहे परीक्षण शुल्क २५० दिरहाम कलचुकल छलै ।

यूएईमे होम क्वारेन्टाईनके पालना नै केलक कहिक ओतके कानून अनुसार ५०,००० दिरहाम जरिवाना तिराओल गेलछै । क्वारेन्टाईनमे रहपरवला ऊ आदमी बाहर निकैलक एकटा क्याफेमे चाय पिबैत फेसबुकमे लाईभे कने छल ।

साधारणतया मध्यपूर्वके देशमे शरिरमे बनाएल जायवला ट्याटूके बढिया नै मानैत छै । कानूनत: निषेध केने रहैत छै । कुवेत सरकार किछ दिन पहिले एना ट्याटूके व्यवसाय कलरहल किछ फिलिपिनो नागरिकके देश निकाला केने छलै । एहन काम कलरहल कोनो नेपाली श्रमिक छि त सचेत रहब ।


www.facebook.com/shramik.sanjal सँ आहाँ प्रत्येक रविदिन, बुधदिन आ शुक्रदिन साझँमे UAE Time (8:00 PM), Qatar, KSA, Kuwait (7:00 PM) Malaysia (12 Midnight) हमरासभके लाईभ देख सुन सकैत छी ।

accountabilitylab NEPAL

# $ फलो द मनी - खर्चको अर्थ

## २०७७ साल श्रावण मसान्त सम्म कोभिड - १९ को सन्दर्भमा भएको जम्मा खर्च

**१३ अर्ब ३७ करोड**




## संघिय सरकारमा भएको खर्च शिर्षक

औषधी तथा स्वास्थ्य उपकरण
रु. १,७५,५२,४०,०००


क्वारेन्टाईन व्यवस्थापन
रु. ४,६९,४६,०००

स्वास्थ्य बीमा
रु. २,९३,८८,९६,०००

अन्य
रु. १,२४,७३,०००

मानव स्रोत साधन परिचालन
रु. ५,७४,४३,०००

## प्रदेश सरकारले गरेको खर्च



# $ फलो द मनी - खर्चको अर्थ

## प्रधानमन्त्री कोरोना भाईरस रोकथाम, नियन्त्रण तथा उपचार कोषसँ बहुतोरास निकायमे भेल रकम निकासा

| | | |
|---|---|---|
| **स्थानीय तह (४७३)** | क्वारेन्टाईन व्यवस्थापन र उपचारका लागि | रु. ४५,८०,१६,९२५ |
| **जिल्ला प्रशासन कार्यालयहरु (१८)** | जिल्ला स्तरका क्वारेन्टाईन व्यवस्थापन गर्न | रु. ९०,००,००० |
| **जिल्ला अस्पतालहरु (१९)** | भेन्टिलेटर र ICU स्थापना गर्न र स्वास्थ्य उपकरणहरु खरिद गर्न | रु.३१,८०,००,००० |
| **अन्य अस्पतालहरु (४)** | परीक्षण गर्ने उपकरण खरिद गर्न | रु. १२,८२,३५,००० |
| **प्रयोगशालाहरु (४)** | परीक्षण उपकरण खरिद गर्न | रु. ८,९४,७९,००० |
| **प्रदेश सरकारहरु (७)** | प्रदेश भित्रका स्थानीय तहलाई सहयोग गर्न | रु. ३८,५५,००० |
| **स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय** | विदेशबाट नेपाली नागरिकको हावाई उद्दार गर्न | रु. ८८,५५,००० |
| **नेपाली सेना** | आईसोलेशन वार्ड निर्माण गर्न | रु. ९,२६,८०,००० |

महामारीके समयमे सबसँ बेसी खर्च प्रधानमन्त्री कोरोना रोकथाम, नियन्त्रण तथा उपचार कोषसँ भेल छै । समितिद्वारा फरक फरक समयमे निर्णय कलक कोषसँ जम्मा १ अर्ब ४० करोड रकम निकासा केने छै । सबसँ बेसी रकम निकासा ४७३ टा स्थानीय तहमे (३१%) भेल छै । तेकरबाद जिला अस्पतालसभमे बेसी रकम निकासा भेल छै । जे कि कूल रकमके २१% छै । स्थानीय तहमे निकासा भेल रकमके हिसाब स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालयद्वारा सञ्चालन केने स्वास्थ्य सूचना प्रणालीमे सार्वजनिक केने तथ्यांकके आधारमे निकालल गेल छै । क्वारेन्टाईन व्यवस्थापनके लेल सेहो बहुते रकम खर्च भेल छै । तहिना कलक, क्ष्ऋग् सेवासँगे भेन्टिलेटर स्थापना कर आ स्वास्थ्य सम्बन्धी उपकरणसभ किन परवला भेलासँ जिला अस्पतालसभके सेहो कोषसँ बहुते रकम प्राप्त केने अछि ।

नोटः हमरासभके उद्देश्य सरकारद्वारा कयलगेल बढिया काज आ छुट्याओलगेल बजेटके विषयमे सबके जानकारी होई आ तेकरबाद अई विषयमे नागरिक आ आरो सरोकारवालाके बीचमे बातचित भलक सरकारके पर्याप्त पृष्ठपोषण प्राप्त होई से अछि । एत प्रस्तुत विवरण पूर्ण नै छै । उपलब्ध माध्यमसँ संग्रह कलक राखलगेल अछि । आरो सही तथ्यांक संकलन कलक परिमार्जन करैत जायब । अईमे सबकोईके सहयोग क देब लेल आग्रह करैत छी ।

# वैदेशिक रोजगारीमे जाय नै पाईबक स्वदेशेमे उद्यमी बनल सानुकाजीके किस्सा




धादिङके निलकण्ठ नगरपालिका वडा नम्बर १३ स्थायी बसोबास भेल सानुकाजी थापा विगतमे लम्बा समयसँ वैदेशिक रोजगारीमे जाईत आबैत कलरहल छलाह । ऊ वैदेशिक रोजगारीके सिलसिलामे मलेसिया ३ वर्ष, दुबईमे ५ वर्ष आ कुवेतमे १ वर्ष तक काज केला । कुवेतमा मुदा सम्झ( ौता अनुसारके काज आ तलब नै भेटलापर एके वर्षमे नेपाल आबि गेलाह । लेकिन, नेपालमे रोजगारीके कोनो उपाय आ अवसर नै देखलापर फेर नयाँ कम्पनी खोजीक वैदेशिक रोजगारीमे जायवाक तैयारीमे छलाह । तखने कोरोना महामारीके कारणसँ हुनकर वैदेशिक रोजगारीमे जायके अन्तिम योजना पुरा नै भेलै ।

नेपालमे काज कलक खायके वातावरण नै देखलापर ऊ बेटीके सेहो अध्ययन भिषामे कोरिया पठाबके योजना बनेने छलाह । सब प्रकृया पुरा कलक १ वर्षके लेल कलेज शुल्क रु ३ लाख ५० हजार सेहो बुझाचुकल छलाह । उहो कोरोनाके कारण रुकिगेलै । परिवारके आर्थिक अवस्था कमजोर भेल हुनकर बेटी आ अपने दुनुकोई रुकलाके कारणसँ बैंकके मूल आ ब्याज सहितके ऋण तिर किछ नै किछ करपरके बाध्यता आईब गेलै । उहे बाध्यतासँ उपाय सेहो सुझादेलकै । हुनकर जेठ भैया आ माझिल भाईके सल्लाहमे मुर्गा पालन करके निर्णय केलाह । तै के लेल फेर ३ लाख ऋण निकाईलक खोर बनाक १ हजार मुर्गीके बच्चा आईनक पालनाई शुरु केलाह । छोट समयमे आम्दानी कएल जासकवला मुर्गा पालन सँ ४२/४३ दिनके अबधिमे ६० हजार नाफा कमौलाह । दोसर पारीमे अखन १ हजार ७ सय मुर्गा पालने अछि ।

कोरोना महामारीके बिचमे नेपालमे व्यवसाय शुरुकेने थापा नेपालेमे मेहनत करसकि त धन कमा सकके उपाय त पत्ता लगेला लेकिन बजारके सुनिश्चिततामे ऊ अखनो निश्चिन्त होब नै सकिरहल छथि । ढुवानी सहज नै होब सकलासँ क्षति हेतै कि से चिन्ता हुनका सता रहल छै । सरकारके मुर्गाके मांसके न्युनतम मुल्य तोकके चाहि, बीमाके व्यवस्था करके चाही आ किसानके पहिचान कलक अनुदानके व्यवस्था करतै त मेहनती युवाके विदेश जायके बाध्यताके अन्त्य हेतै से ऊ बताबैत छैथ ।

# संयम अपनेला सँ १०६ संक्रमितसँ शून्यमे झारैत स्पाइनल इन्जुरी सेन्टर



रीढके हड्डीमे चोट लागलसभके विशेष ईलाज करवला काभ्रेपलाञ्चोक जिलाके बनेपा नगरपालिका वडा नं १३ भैसेपाटीमे रहल स्पाइनल इन्जुरी पुनर्स्थापना केन्द्र (अस्पताल) मे भादवके पहिल सप्ताहमे एकटा कर्मचारीमे कोरोना संक्रमण देखेलै । बिमारीसभके महिनौ लगाक ईलाज करवला ओही केन्द्रमे एक सप्ताहमे कोरोना नै बढिया सँ फैल गेलै । भादव १४ गतेतक अस्पतालमे कोरोना संक्रमितके संख्या १०६ पुगलै । संक्रमितसभ बिमारी, कर्मचारी, चिकित्सक तथा बिमारी साथे रहवलासभ छलै ।

एकेबेर बेसी संख्यामे कोरोना संक्रमित भेटलाके बाद तत्काल कोरोना भाईरस नियन्त्रणमे आनके काज अपनाआपमे चुनौतिपूर्ण छलै । पहिल चुनौती आरो आदमीके कोरोना संक्रमण होब नै देनाई छलै । दोसर, समयरहिते संक्रमितके इलाज केनाई छलै । अस्पतालके चिकित्सक तथा काभ्रेके जनस्वास्थ्य अधिकारीके बढिया समन्वय आ सतर्कतासँ कोरोना रोकथाममे सहयोग पुगलै । भादव २९ गतेतक ८० कोई पूर्णरुपमे निक भगेलाह । दोसरबेरके पिसिआर परिक्षणमे ओसभ संक्रमण मुक्त भेलाह । अस्पतालमे कार्यरत एक कर्मचारीमे कोरोना देखेलाके बाद अस्पताल बिमारी, बिमारी साथे रहवला, मेडिकल स्टाफ आ अस्पतालके सब कर्मचारीसभके पीसीआर परीक्षण करेलक । ओहि क्रममे पोजेटिभ नै देखाएल सभके क्वारेन्टाइनमे रखलक । नतिजा नेगेटिभ देखाएलसभके अस्पताल अपने आइसोलेशन वार्ड बनाक ईलाज शुरु केलक ।

तहिना कलक, अस्पताल नियमित रुपमे संक्रमितके परामर्श करैत रहल । अस्पतालमे न्यूनतम ईलाज करवला समय कम्तिमे तीन महिना भेलासँ एक दोसरसँ बढिया सँ परिचित भेलासँ एक दोसरके हौसला दैत रहला । फलस्वरुप काभ्रेके कोरोना हटस्पटके रुपमे विकास भेल अस्पतालमे अखन सकृय सक्रमित घैटक ३० के हाराहारीमे पुगल अछि ।


अषाढ् १ गतेसँ उपत्यका आब सहज भेलाके बाद साँगा आसपासके क्षेत्रमे बढल भिड्के कारण ओही क्षेत्रमे कोरोनाके उच्च जोखिम छलै । अस्पतालमे रीढके हड्डी जेहन संवेदनशील विषयमे ईलाज भेलासँ कोरोनासँ होबसकवला जोखिमके विषयमे अस्पताल बहुते सचेत भलक लगलै आ करिब तीन सप्ताहमे कोरोना लगभग नियन्त्रणमे आबिरहल छै ।

केशवराज पौडेल

सही सूचना

# होम आईसोलेशनमे कोभिड -१९ के बिमार बढ्लाके बाद उचित अनुगमन कर आवश्यक

## होम आईसोलेशनमे सक्रिय संक्रमितके संख्या




उपरका ग्राफसँ होम आईसोलेशनमे रहल सक्रिय संक्रमितके संख्याके देखाबैत अछि । अखन आधारसँ बेसी सक्रिय संक्रमित होम आईसोलेशनमे रहिरहल छै । विश्व स्वास्थ्य संगठनसँगे नेपाल सरकार स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय सक्रिय संक्रमित होम आईसोलेशनमे पालना करपरवला मापदण्ड सहितके निर्देशिका तैयार केने छै । लेकिन, अनुगमनके जिम्मेवारी पौने स्थानीय प्रशासन आ स्वास्थ्यकर्मीके प्रभावकारी रुपमे अनुगमन आ सहयोग कर सकल नै अछि । नेपालमे संक्रमितके संख्या बढैत गेलासँ, होम आईसोलेशनके कार्यान्वयन पक्षमे बहुते सुधार केनाई जरुरी छै । अई अवस्थामे सरकारके सब तहसँ तत्काल पहल केनाई जरुरी छै ।

स्रोत: HEOC, MoHP, SitRep

**DISCLAIMER**

अई अंकमे समेटलगेल हल्ला, सवाल तथा सूचनासभ, बहुतोरास संस्था तथा व्यक्ति, नेपाल सरकार स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय आ विश्व स्वास्थ्य संगठनके वेबसाईट, सामाजिक सञ्जाल, ७ टा प्रदेशमे रहल कम्युनिटी फ्रन्टलाईनर्स आ सिभिक एक्सन टिम विगत एक सप्ताहमे बहुतो आदमीसभसंगेके प्रत्यक्ष तथा अप्रत्यक्ष संवादसँ संकलन कएलगेल छै । विषयके महत्व, सान्दर्भिकता आ तीव्रताके ध्यान दलक हल्ला, सवाल तथा जिज्ञासासभ छनौट कएलगेल छै । अई अंकमे समेटलगेल जानकारी बुलेटिन प्रकाशित भेल मिति तक सत्य छै ।

**Coronavirus CivActs Campaign** is brought to you by **Accountability Lab Nepal**.

accountabilitylab communities

@CivicActionTeams @civacts @CivActs